

LYNN PUBLIC SCHOOLS

James Leo McGuinness Bilding Administrasyon – 100 Bennett Street, Lynn, MA 01905
Telefòn (781) 593-1680 ~ Faks (781) 477-7487



Patrick A. Tutwiler, PhD
Siveyan Jeneral Lekòl yo

Mas 2020

Chè Fanmi Lynn yo,

Depatman Lekòl Lynn nan ak Depatman Sante Piblik ki pou Vil Lynn nan ap kominike youn ak lòt e y ap travay avèk Depatman Sante Piblik Massachusetts la anrapò ak Coronavirus. Chak jou Depatman Sante Piblik Massachusetts la ban nou mizajou e nou vle asire w jis kounye a pa gen gwo danje imedya pou piblik la.

Sant pou Kontwòl Maladi a (CDC) te bay direksyon ki mande moun ki fèk soti nan peyi kote viris la gaye anpil e moun kontinye atrape l, pou yo mete tèt yo an karantèn pou 14 jou depi dat yo te kite peyi a. Men de ki peyi n ap pale: Lachin, Itali, Iran, ak Kore Disid. Si w soti nan youn nan peyi sa yo nan yon dat apre 22 fevriye 2020, mwen mande w pou w fè direktè lekòl pitit ou konn sa pi vit posib. Lè sa a, dapre direksyon CDC a, fòk ou mete tèt ou an karantèn pou 14 jou depi dat ou te kite peyi ki gen viris la.

Kòm toujou, si nou pran ti prekosyon, sa pral ede anpeche fyèv ak lòt maladi respiratwa gaye:

- Kouvri bouch ou lè w touse oswa estène; itilize yon mouchwa papyè oswa anndan koube ponyèt ou
- Lave men w pou 20 segonn avèk savon ak dlo tyèd souvan epi itilize “hand sanitizer”
- Si w gen yon fyèv oswa w santi w malad, rete lakay ou epi rele founisè swen sante w
- Si pitit ou gen yon fyèv, li pa dwe vin lekòl jiskaske l pa gen fyèv depi 24 èdtan, san se pa medikaman ki desann fyèv ki fè sa
- Pran vaksen fyèv la – li pa twò ta! Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou fyèv ak ki kote pou w jwenn yon vaksen pou fyèv isit la: <https://www.mass.gov/info-details/what-should-i-know-about-flu>

Coronavirus se yon sitiyasyon k ap evolye e n ap suiv li deprè. Tanpri, rete asire n ap byen kontwole nenpòt bagay ki gendwa menase sante elèv nou yo. Anplis de sa, Depatman Sèvis Enspeksyon an ap dezenfekte nan lekòl yo, jan yo toujou konn fè sa pandan sezon grip ak fyèv la; y ap dezenfekte zòn moun “touche anpil” (seri, kote moun pouse pòt, balistrad, elatriye) kòm yon pati nan pwotokòl netwayaj yo suiv chak jou a. N ap suiv tout rekòmandasyon yo fè pou asire sekirite elèv ak pèsònèl nou yo.

Nou toujou bay byennèt elèv ak pèsònèl nou yo anpil enpotans e nou pral kontinye pataje nouvo enfòmasyon avè w selon nesite a. Tanpri, al gade sit wèb Sant pou Kontwòl Maladi a (<https://www.cdc.gov/coronavirus>) pou w jwenn plis enfòmasyon. Epitou, nou pral bay nenpòt mizajou nan www.lynnschools.org ak sou paj Facebook nou an.

Avèk respè,

Patrick Tutwiler, PhD
Siveyan Jeneral Lekòl yo